



## **Lwa sou Jesyon Ijans Federal ak Pwosesis Oryantasyon sou Assitans pou Antèman, Sètifika Desè akòz COVID-19 Administrasyon Resous Zimèn NYC a**

**Kijan pou mwen aplike pou pwogram assitans pou antèman akòz COVID-19 nan kad Lwa sou Jesyon Ijans Federal (Federal Emergency Management Act, FEMA) la oswa pwogram asitans pou antèman akòz COVID-19 Administrasyon Resous Zimèn NYC (Human Resource Administration, HRA) a?**

- Pou ou aplike pou pwogram Asistans pou Fineray akòz COVID-19 FEMA a, vizite [fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance](https://fema.gov/disasters/coronavirus/economic/funeral-assistance).
- Pou ou aplike pou pwogram asistans pou antèman akòz COVID-19 HRA NYC a, vizite [www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page](https://www1.nyc.gov/site/hra/help/burial-assistance.page).

**Ki fason pou mwen aplike pou yon sètifika desè ki montre kòz lanmò a pou yon moun ki te mouri nan NYC?**

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante NYC) a bay sètifika desè pou lanmò ki rive nan NYC (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, ak Staten Island). Sètifika desè yo disponib yon fwa etablisman medikal la rapòte lanmò yon moun epi Depatman Sante NYC a anrejistre ka a.

Si yon antrepriz finerè enplike, fason ki pi rapid pou jwenn yon sètifika desè se pou kòmande li nan men direktè finerè a ki fè aranjman pou fineray yo. Direktè finerè a kapab kòmande sètifika desè yo pou ou jiska de (2) ane apre lanmò moun lan.

Si yon antrepriz finerè pako enplike oswa si ou pa kapab kòmande sètifika desè a nan men direktè finerè a, ou kapab kòmande li tou anliy nan [vitalchek.com](https://vitalchek.com). Konsilte [pajwèb sou Sètifika Desè](#) Depatman Sante NYC a pou enfòmasyon anplis sou fason pou kòmande yon sètifika desè.

**Ki moun ki gendwa mande yon sètifika desè ki montre kòz lanmò a?**

Sèlman fanmi defen an ki annapre yo kapab mande ni sètifika desè ak kòz lanmò a: Konjwen ; Patenè domestik; Paran; Timoun; Frè ak Sè; Granparan; Pitit pitit; Enfòmètè yo mete sou sètifika al Moun ki responsab pou fè antèman an

**Kisa frè pou pou sètifika desè a ye?**

Chak kopi sètifye koute 15 dola. Frè anplis ap aplike lè ou fè kòmman yon sètifika anliy.

**Èske mwen ap genyen yon kopi dosye desè a?**

Wi. Depatman Sante NYC a pral bay yon kopi sètifye pou sètifika desè orijinal la. Yon sètifika desè sètifye gen ladan plizyè karakteristik sekirite pou asire ke sètifika a otantik. Si ou gendwa ak kòz

desè a (konsilte sa ki anwo a), ou pral resevwa tou "Rapò Medikal Konfidansyèl" la ki montre kòz desè a. Dokiman sa a montre non defen an, nimewo sètifika desè a epi yo enprime li sou papye bon.

**Kijan pou mwen mande yon kòz desè si kòz desè a pa make sou sètifika desè a?**

Tanpri mande kòz desè a lè ou kòmande sètifika desè a.

**Èske genyen yon frè pou kòz desè a?**

Non. Pa gen okenn frè anplis pou kòz desè a.

**Kisa pou mwen fè si kòz lanmò a montre "annatant"?**

Si kòz desè a montre "annatant", ou kapab chanje sètifika desè a nan yon peryòd twa mwa apati dat yo te bay sètifika desè orijinal la. Dat yo te bay li a make jis anba sètifika desè a. Ou kapab kòmande tou yon nouvo sètifika desè ki montre kòz desè a anliy, ke ou pral resevwa pi rapid pase lè ou chanje sètifika desè a.

**Pou kisa sètifika a montre ke kòz desè a te kòz natirèl lè yon moun te mouri anba COVID-19?**

Nan mwa avril 2020 an, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi te deside ke nan ka lanmò akòz enfeksyon COVID-19, fason moun lan mouri a pral prèske toujou natirèl.

**Kisa pou mwen fè si kòz desè a pa montre COVID-19?**

Ou ta dwe dabò kontakte pwofesyonèl medikal oswa etablisman medikal ki sètifye desè a pou enfòmasyon pou chanje kòz desè a pou montre COVID-19 kòm kòz prensipal oswa yon kòz ki kontribye nan desè a. Si ou se Enfòmateur yo mete sou sètifika desè a oswa moun ki responsab pou antèman an ou kapab soumèt yon demann nan Depatman Sante NYC a pou modifye kòz desè a. Vizite [pajwèb sou Koreksyon Sètifika](#) Depatman Sante NYC a pou enstriksyon sou kisa ou pral bezwen soumèt, nan Kesyon Moun Poze Souvan yo, "What is the process to correct a death certificate?" (Kisa pwosesis pou korije yon sètifika desè a ye).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolue.

**4.11.21**